



Social Security

Nimewo Sekirite
Sosyal Pou Timoun

www.socialsecurity.gov

Nimewo Sekirite Sosyal Pou Timoun

Lè ou gen yon tibebe, youn nan sa ou ta dwe lgenyen nan lis “sa pou ou fè” pou tibebe a, se jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal pou tibebe ou a. Moman ki pi fasil pou ou fè sa, se lè ou bay enfòmasyon pou batistè pitit ou. Si ou rete tann pou aplike pou yon nimewo nan yon biwo Sekirite Sosyal, ou ka gen reta pandan n ap verifye batistè pitit ou.

Pou kisa mwen ta dwe pran yon nimewo pou pitit mwen?

Si Ou bezwen yon nimewo Sekirite sosyal pou kapab deklare pitit ou kòm depandan sou fòm deklarasyon taks ou. Pitit ou ap bezwen yon nimewo tou si ou gen entansyon:

- Louvri yon kont labank pou pitit ou;
- Achte bon trezò (fè ekonomi) pou pitit ou;
- Jwenn pwoteksyon medikal pou pitit ou; oswa
- Aplike pou sèvis gouvènman pou pitit ou.

Èske pitit mwen dwe gen yon nimewo Sekirite Sosyal?

Non. Ou pa gen obligasyon pou aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal pou tibebe ou. Men, se yon bon lide pou fè pitit ou jwenn yon nimewo lè li fèk fèt. Ou ka aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal pou tibebe ou nan moman ou aplike pou batistè li. Biwo leta ki fè batistè yo ap fè nou jwenn enfòmasyon sou pitit ou, epi n ap voye kat Sekirite Sosyal pitit ou ba ou pa lapòs.

Si ou rete tann pou ou aplike nan yon biwo Sekirite Sosyal, ou dwe montre nou prèv sitwayènte ameriken, laj, ak idantite pitit ou, epitou ou dwe montre nou prèv pwòp idantite pa ou. Nou dwe verifye batistè pitit ou. Sa ka pran jiska 12 semèn sou tan ki ap nesèsè pou bay pitit ou yon kat. Pou verifye yon batistè, Sekirite Sosyal ap kontakte biwo ki te fè li a. Nou fè verifikasyon sa a pou nou pa bay moun malonèt chans pou yo ta itilize batistè a pou fè fwod, epitou pou yo pa jwenn nimewo Sekirite Sosyal la pou kreye fo idantite.

Kijan pou mwen aplike?

Nan lopital la: Lè ou bay enfòmasyon pou batistè tibebe ou, y ap mande ou si ou vle aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal pou tibebe ou. Si ou di “wi”, ou dwe bay nimewo Sekirite Sosyal toulède paran yo, si ou kapab. Menm si ou pa konnen nimewo Sekirite Sosyal toulède paran yo, ou ka toujou aplike pou yon nimewo pou pitit ou.

Nan yon biwo Sekirite Sosyal: Si ou rete tann pou aplike pou yon nimewo pou pitit ou, ou dwe:

- Ranpli yon Fòm *Aplikasyon Pou Yon Kat Sekirite Sosyal* (Fòm SS-5-HC); epi
- Montre nou dokiman orijinal ki pwouve:
 - Kondisyon sitwayènte ameriken pitit ou a
 - Laj li; ak
 - Idantite li.
- Montre nou dokiman ki pwouve idantite ou.

REMAK: Nan sèten rejyon, biwo lapòs la p ap livre kat pitit ou sof si non pitit la ekri sou bwat postal la.

Pitit ki gen omwen 12 zan: Nenpòt moun ki gen omwen 12 zan ki fè demann pou yon nimewo Sekirite sosyal orijinal dwe parèt an pèsòn pou yon entèvyou nan yon biwo Sekirite sosyal, menmsi yon paran oswa yon gadyen siyen aplikasyon an pou timoun lan.

Sitwayènte

Nou ka aksepte sèlman yon seri dokiman kòm prèv sitwayènte ameriken. Pami dokiman sa yo genyen: Batistè ameriken, rapò nesans konsila nan peyi kote timoun la fèt la, paspò ameriken, Sètifika Natiralizasyon oswa Sètifika Sitwayènte. Moun ki pa sitwayen ameriken yo ta dwe konsilte *Nimewo Sekirite Sosyal Pou Moun Ki Pa Sitwayen Ameriken* (Piblikasyon Nimewo 05-10096-HC) pou yo jwenn plis enfòmasyon.

Laj

Ou dwe bay akdenesans ou. (Si youn egziste, ou dwe montre li.) Si ou pa genyen li, nou ka aksepte:

- Dosye nesans lopital ameriken (yo fè lè ou te fèt la)
- Dosye relijyon ki te etabli anvan ou te gen laj 5 lane epi ki montre dat nesans w
- Paspò
- Imigrasyon dokiman Ameriken

Idantite

Pitit ou: Nou ka aksepte sèlman yon seri dokiman kòm prèv idantite pitit ou. Yon dokiman akseptab dwe pou li poko ekspire, epi li dwe montre non pitit ou, enfòmasyon sou idantite pitit ou, epi nou pito yon foto resan timoun nan. Anjeneral, nou ka aksepte yon dokiman idantite san foto si li gen ase enfòmasyon pou idantifye timoun nan (tankou non li, laj li, dat nesans li oswa non paran timoun nan). Nou pito wè paspò ameriken timoun nan. Si dokiman sa a pa disponib, nou ka aksepte:

- Jijman adopsyon timoun nan;
- Dosye doktè, klinik oswa dosye lopital timoun nan;
- Dosye relijyon timoun nan (pa egzanp dosye batèm);
- Dosye sant gadri oswa lekòl timoun nan; oswa
- Kat idantite pou lekòl. (Pitit ou ka bezwen prezan an pèsòn si yo dwe prezante yon kat idantite ak foto, kòm prèv idantite li.)

Ou menm: Si ou se yon sitwayen ameriken, Sekirite Sosyal ap mande pou wè pèmi kondui (lisans) ameriken ou, yon kat idantite leta ba ou men ki pa pou kondui, oswa yon paspò ameriken kòm prèv idantite. Si ou pa gen dokiman espesifik sa yo, n ap mande ou pou nou wè lòt dokiman ki kapab disponib, tankou:

- Kat Idantifikasyon Travay;
- Kat Idantifikasyon Lekòl;
- Kat Asirans-Maladi (pa yon kat Medicare);

- Kat idantite lameAmeriken; oswa
- Kontra asirans-vi.

Tout dokiman yo dwe swa orijinal oswa kopi ki sètifye nan biwo ki founi dokiman yo. Nou pa ka aksepte fotokopi oswa kopi dokiman ki notarye. Nou ka itilize yon dokiman pou de (2) rezon. Pa egzanp, nou ka itilize paspò timoun nan kòm prèv sitwayènte ak idantite li. Oswa, nou ka itilize batistè pitit ou kòm prèv laj ak sitwayènte ou. ***Men tou, ou dwe prezante omwen de (2) dokiman apa.***

N ap voye nimewo ak kat pitit ou ba ou pa lapòs imedyatman nou jwenn tout enfòmasyon yo ak lè nou verifye dokiman yo nan biwo ki founi yo.

Kisa pou mwen fè si pitit mwen nan adopsyon?

Nou ka bay yon nimewo Sekirite Sosyal pou pitit ou adopte anvan adopsyon an fini, men ou ka vle tann. Apre sa, ou ka aplike pou nimewo a sou nouvo non pitit ou, ak non pa ou kòm paran. Si ou vle reklame pitit ou pou taks pandan adopsyon an toujou annatandan, ou dwe kontakte Internal Revenue Service (IRS) pou Fòm W-7A, *Application for Taxpayer Identification Number for Pending U.S. Adoptions (Aplikasyon Pou Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab Pou Demach Adopsyon Ozetazini)*.

Kisa sa koute?

Ou pa gen pou peye anyen pou yon nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal. Si yon moun kontakte ou epi li vle fè ou peye pou ou jwenn yon nimewo oswa yon kat, oswa pou nenpòt ki lòt sèvis Sekirite Sosyal, tanpri sonje sèvis

Sekirite Sosyal yo gratis. Ou ka denonse nenpòt moun k ap eseye fè ou peye depi ou rele nan liy dirèk 24/24 Biwo Enspektè Jeneral nan nimewo **1-800-269-0271**.

Kisa pou mwen fè si mwen pèdi kat la?

Ou ka ranplase kat Sekirite Sosyal ou si li pèdi oswa si yo vòlè li. Men tou, ou ka fè sèlman twa (3) kat ranplasman nan yon ane, ak 10 kat ranplasman pandan tout lavi ou. Chanjman legal non ak lòt eksepsyon pa konte nan limit sa yo. Pa egzanp, chanjman nan kondisyon ou lè ou pa sitwayen, ki mande mizajou nan kat la, ka pa konte nan limit sa yo. Epitou, limit sa yo ka pa afekte ou si ou ka pwouve ou bezwen kat la pou ou pa sibi gwo difikilte.

Nou rekòmande pou ou konsève kat Sekirite Sosyal pitit ou yon kote ki an sekirite. Se yon dokiman enpòtan. **Pa mache avèk li sou ou.**

Move itilizasyon nimewo Sekirite Sosyal

Si ou panse ke yon moun itilize nimewo Sekirite Sosyal pitit pou fè fwod, ou ta dwe pote plent nan Komisyon Federal Komès nan:

- Sit entènèt—www.idtheft.gov;
- Nimewo telefòn—**1-877-IDTHEFT (1-877-438-4338)**; oubyen TTY—**1-866-653-4261**.

Lalwa pa dakò pou:

- Yon moun itilize nimewo Sekirite Sosyal yon lòt moun ilegalman;
- Bay fo enfòmasyon lè l ap aplike pou yon nimewo; oswa
- Chanje, achte oswa vann kat Sekirite Sosyal.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi piblikasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an www.socialsecurity.gov, oswa rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** (pou moun ki soud oswa ki mal pou tandè, rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo an sekre. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tandè yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.



Social Security Administration
SSA Publication No. 05-10023-HC
Social Security Numbers
For Children (Haitian-Creole)
September 2012